



STATE OF NEW YORK | EXECUTIVE CHAMBER  
ANDREW M. CUOMO | GOVERNOR

Pou Piblikasyon Imedyat: 9 janvier 2013

## **TRANSKRIPSYON DISKOU 2013 GOUVÈNÈ ANDREW M. CUOMO SOU SITIYASYON ETA A**

Mèsi. Mèsi anpil. Mèsi anpil. Bòn-Ane New York! Toudabò, kite mwen montre rekonesans ak di mèsi pou bon kalite patnè yon Gouvènè kapab janm genyen, Gouvènè Adjwen Bob Duffy, te bay anpil pèfòmans nan travay li fè pou eta sa a. Ou konnen kesyon sou sa se èske yon moun kapab fè yon diferans nan lavi a? Bob Duffy fè yon kokennchenn diferans tout kote nan eta sa a, epi nou tout dwe li yon dèt rekonesans, an nou bay li yon lòt seri aplodisman. Pou dirijan ki pas nan eleksyon ak dirijan lejislatif mwen te prezante devan yo anvan men tanpri eseye konprann mwen – Kontwolè Finansye Tom DiNapoli, plezi se avèk ou. Pwokirè Jeneral Eric Schneiderman, mèsi poutèt ou isit la. Ko-dirijan Dean Skelos ak Jeffrey Klein, Senatè, se yon plezi pou mwen avèk ou; Pòtpawòl Asanble Sheldon Silver; Dirijan Minoritè Sena a, Andrea Stewart-Cousins; Dirijan Minoritè Asanble a, Brian Kolb. Mwen vle di yo mèsi pou kalite dirijan yo paske ane pase ak ane anvan an se te ane ekstrawòdinè pou eta sa a, epi reyalizasyon lejislatif yo te vrè fè eta sa a vanse. Epi ane yo te difisil epi yo te bay anpil defi paske yo te ale nan vrè nwayo pwoblèm yo, men yo te fè sa. Epi pou kounye a, mwen ta mande Asanble a ak Sena a pou kanpe pou nou kapab ba ou rekonesans pou bon jan travay ou. Kanpe, souple.

Jij Prensipal Lippman, manm Tribinal la, nou kontan wè nou tout, nou di nou mèsi. Jan ou te tandè anvan, epi mwen swete ou kapab di sa, Kapitòl la sanble enpe diferan pase jan li te ye nan dènye dezan yo. Modènizasyon an fini. Modènizasyon an te fèt vit, epi li te pwolonje tou. Li fini. Bilding nan modènize, ti fenèt tabatyè yo louvri, li nan pi bon fòm pase jan li te ye anpil ak yon pakèt ane anvan. Mwen sonje premye fwa mwen te mache pou antre nan Kapital la lè mwen te yon jèn sitwayen, kijan mwen te enpresyone ak sezi pou bote ak majeste bilding nan, epi pou sa li te reprezante a, ak pouvwa ak respè bilding nan te reprezante. Nan yon kote sou wout la li te pèdi entansite li, alafwa sou plan fizik ak senbolik. Nou te gen yon bon kalite ekip Biwo Sèvis Jeneral (Office of General Services, OGS) ak New York State Museum ki te travay san pran souf pou mete li ansanm, epi an nou di Manm Komisyon OGS Roanne Destito ak Joe Rabito ak Mark Shamming, nou di ou mèsi anpil pou travay ou.

Ane sa a pandan nou tout konnen nou te gen plis pase pòsyon trajedi nou. Depi nan Webster pou rive nan Ouragan Sandy, nou te wè New York nan nivo pi grav li, men nou te wè New York nan pi bon nivo li tou. Epitou ou te wè yon peryòd kouraj san parèy moun toupatou nan eta sa a te montre. Pou kòmanse avèk premye sekouris nou yo – ofisye lapolis, ofisye ponpye, lapolis Eta New York ki isit la jodi a, nou mande yo pou kanpe ansanm avèk Sipè-Entandan Joe D'Amico. Tanpri kanpe pou nou kapab di ou mèsi. Nan tout ouragan yo – kit se Ouragan Sandy oswa Ouragan Irene ane pase – si ou mande nenpòt kominote, nenpòt ofisyèl ki pase nan eleksyon, nenpòt sitwayen ki nan nenpòt kominote, kimoun oswa kisa ki te nwayo operasyon sekou a, kisa

ki te nwayo operasyon volontè yo, y ap di nèf (9) fwa sou 10 se te Lagad Nasyonal. Lagad Nasyonal se te zam prensipal nou, resous prensipal nou nan bay sekou pou kominote yo ki toupatou nan eta sa a. Nou jwenn benediksyon avèk gwo gason ak fanm ki kwè anpil nan eta sa a, ki kwè nan sèvis yo. Yo gen yon bon kalite dirijan nan Jeneral Murphy, yo la avèk nou jodi a, epi nou mande yo pou yo kanpe pou nou kapab montre yo apresyasyon nou. Mèsi.

Pandan kriz sa yo, gouvènman an te travay. Gouvènman Eta New York te travay. Moun ki alatèt ajans lan merite kredi. Moun ki kondi kamyon yo merite kredi, moun ki kondi ekipman lou yo merite kredi, CSEA merite kredi, PEF merite kredi, an nou bay travayè eta a yon seri aplodisman pou kokennchenn travay yo. Ou te gen yon kokennchenn kalite dirijan tou avèk ofisyèl ki pase nan eleksyon ki te nan zòn ki te pi afekte yo, sitou pandan Ouragan Sandy. Epi tou, mwen ta mande ou pou fè yon sèl ak mwen nan di yon mèsì espesyal pou vrè ewo ak kalite dirijan Majistra Michael Bloomberg Vil New York; Egzekitif Konte Ed Mangano nan Konte Nassau; Egzekitif Steve Bellone nan Konte Suffolk. Tanpri kanpe pou nou kapab rekonèt ou.

Epi Reveran Mullings, ki te ban nou pwoteksyon yon legliz ki nan mitan Rockaways te genyen, rakonte ou mwaye istwa a. Reveran an pou mwen reprezante sa sitwayen yo te fè toupatou nan eta sa a. Reveran an te pran legliz sa a, yo te retire tout bank yo, yo te retire tout objè sakre, epi yo te fè li vin yonabri pou ijans san pwoblèm pou travayè eta a, travayè lokal yo, pou travayè FEMA yo pou travay nan legliz la. Epi tou mwen sonje mwen te pale avèk reveran an sou sa, epi li te di mwen “kisa yon pi bon itilizasyon pou yon legliz pandan yon ouragan lè moun ki ladan yo bezwen pase pou fè li vin yonabri san pwoblèm?” Sa te bon epi sa te vrè men sa te difisil pou fè. Li te la 24 èdtan pa jou, 7 jou pa semèn. Li te sipò moral pou kominote a. Li reprezante pi bon kalite dirijan pou Nouyòkè yo. Mwen ta mande li pou kanpe pou nou kapab ba li yon seri aplodisman. Mwen te nan legliz Reveran an anpil fwa epi mwen te panse mwen ta dwe mete lajan nan kèt, men mwen dwe ou Reveran.

Malgre tout efò sa yo – malgre tout efò premye sekouris yo, lapolis, ponpye, Lagad Nasyonal, fason sitwayen yo te montre yo se ewo – nou te toujou gen moun ki te pèdi lavi yo pandan Ouragan Sandy. Nou pèdi 60 nan frè ak sè nou yo ki te Nouyòkè nan domaj ouragan an, epi mwen ta mande nou kounye a pou nou bay yon moman silans. Mèsi.

Kèk dènye semèn ak kèk dènye mwa yo se te yon tanpèt emosyon – ensidan nan sa nou pa imajine pou rive nan sa nou p ap bliye; depi nan aksyon lachte pou rive nan aksyon ewoyis; depi nan kòz dezespwa pou rive nan kòz pou selebrasyon. Li prèske difisil pou nou jwenn oryantasyon nan mitan tout sa. Poutèt sa an nou fè pa annaryè. Nan dènye dezan yo nan sal sa a lè nou te bay Diskou sou Sitiyasyon Eta a, nou te di eta a te nan yon kalfou, epi eta a te bezwen trase yon nouvo wout pou kòmanse yon nouvo vwayaj si li ta pral gen yon avni diferan. Nou te di nou te dwe kòmanse rejwenn konfyans piblik la, epi renouvle rèv la. Nou te dwe chanje anpil deseni bès nan kominote ekonomik ki toupatou nan eta a, sitou nan pati nò New York, epi nou te dwe kòmanse yon New York k ap retounen. Nou te di eleman debaz nou yo pou retou sa a se te pou atire anpil bon djòb ak kwasans ekonomik, kreye yon sistèm edikasyon premye klas, devlope onètete ak disiplin fiskal, epi repare New York kòm kapital pwogrè nasyon an yon fwa ankò. Ebyen zanmi mwen yo, nou sou wout la kounye a.

Gouvènè Al Smith te renmen di “an nou analize dosye a.” Ebyen an nou analize dosye a. Kilti biwokratik eta jen an ale, epi li ranplase avèk yon nouvo gouvènman antreprenè. Mantalite kapital fiskal la ale, epi li ranplase avèk yon limit sou taks kay, nivo VI, ak pi piti pousantaj taks klas mwayèn nan an 58 ane. Mantalite anti-biznis lan ale, epi li ranplase avèk kolaborasyon rejyonal, ak yon nouvo patenarya sektè piblik-prive k ap travay byen yon fason ekstrawòdinè. Enpas politik la ale, epi li ranplase avèk yon gouvènman ki mete politik sou kote, ki sonje pou kisa yo isit la, ki konsidere moun anvan, epi k ap fè gouvènman an travay pou pèp eta a yon fwa ankò. Kapital eta nou an repare nan majeste orijinal li nan anpil ak yon pakèt fason. Nou pran wout la depi dezan pou konble fose a. Nou te bezwen konble yon fose depi ayè pou rive demen; depi nan sa li te ye pou rive nan sa li kapab ye; depi nan disfonksyon pou rive nan ranman; depi nan move remak pou rive nan konfyans; depi nan blokaj pou rive nan kolaborasyon pou fè gouvènman an travay. Epi nou la, sou plan literal ak senbolik. Epi n ap bati yon nouvo Pon Tappan Zee – li gwo, li nouvo, li bèl, ansanm nou te fè li nan yon ane lè yo te pale sou sa pandan 10 zan, epi se sa ki fè travay gouvènman an sa li ye a, pou pwodui pou pèp eta sa a, epi se sa n ap fè.

Kounye a, mwen ta renmen kapab di djòb nou a fèt epi li fini. Men nou gen plis travay pou fè. Poutèt sa, nou gen anpil ak yon pakèt travay pou fè. Ekonomi nasyonal la pi bon pase jan li te ye, men li pa fasilite redrèsman nan yon ritm rapid ase. Wòl nou kòm kapital pwogrè se yon responsablite k ap kontinye. Sa pa fini. Pati nò New York bezwen plis investisman ak plis èd. Timoun nou yo pa edike nan tout nivo yo. Sosyete sa a pa trete fanm yo egale ak yon fason ki jis. Epi Lanati pa jantiy avèk nou. Epi antan dirijan gouvènman an, responsablite nou vle di nou dwe satisfè tout bezwen sa yo. Wi, se yon kokennchenn fado, men se poutèt sa ki fè nou isit la. Reyalizasyon nou yo sou de (2) dènye ane yo di mwen yon bagay aklè: nou kapab defye chans yo, epi nou kapab bay refi pou opozan yo, nou te fè sa pandan dezan. Nou kapab reyalize nenpòt sa nou vle lè nou travay ansanm. Poutèt sa a an nou kòmanse.

Pousad en-de New York se anpil travay ak edikasyon. Devlopman ekonomik se motè k ap kondi eta a. Nou dwe fè plis efò New York Open for Business (New York Louvri pou Biznis) pou montre nou tout ap travay trè byen. Efò makwo nou ki te pote onètete fiskal nan eta a apre anpil ane konfizyon. Nou te vote bidjè ki responsab epi nou te vote yo alè apre anpil ane konfizyon ak anpil ane imilyasyon. Epi nou dwe fè sa ankò. Nou te fè yon pwomès serye pou New York Tounèf la (New New York), yon pwomès ki te sonnen toupatou nan peyi a. Epi pwomès sa a se te san nouvo taks, epi ki te siyale sa li te ye yon nouvo jou nan New York, epi nou dwe fè sa ankò, san nouvo taks nan New York Tounèf la. Nou gen patenarya devlopman ekonomik rejyonal ki se yon kokennchenn siksè epi n ap travay toutbon pi byen pase nenpòt moun te ka prevwa, epi yo se fondasyon efò n ap fè pou gen devlopman ekonomik. Nou gen bon kalite kòprezidan ki te bay anpil tan yo toupatou nan eta a. Mwen ta mande yo pou yo kanpe jodi a pou nou kapab rekonèt yo, epi pou nou kapab montre kijan nou apresye yo.

Defi ekonomik k ap kontinye a se transfè teknoloji ant akademi ak lavant sou mache. Sa toujou domèn kote New York te an reta. Inivèsite New York yo klase dezyèm sou plan nasyonal nan kantite lajan total ki depanse pou rechèch. California se premye, men New York resevwa sèlman 4% kapital-risk pandan California resevwa 47%. N ap fè rechèch la, nou devlope lide yo, nou gen enstitisyon akademik; nou p ap fè transfè nan lavant sou mache. Eka sa a se sa nou dwe fikse epi se sa nou dwe elimine. Pou ede fè sa, nou pwopoze kreyasyon nouvo pwen sansib inovasyon. Yon pwen sansib inovasyon se yon enkatè teknik avanse ant edikasyon avanse ak sektè prive

pou konpayi k ap kòmanse yo. Yon pwèn sansib inovasyon ap yon zòn san taks. Pa gen taks sou biznis, pa gen taks sou byen imobilye, oswa pa gen taks sou lavant. Si yon biznis rete nan yon biznis ki devlope; si li nan zòn nan, li p ap peye taks. Zòn sa a ap bay finansman ak sèvis inik – sèvis legal, sèvis kontablite, tout sèvis yo bezwen pou devlope biznis yo.

Nou vle tou pou eta a nan yon pozisyon kote eta a kapab envesti, nan yon fon kapital-risk, nan biznis sa yo. Nou vle chwazi senk (5) gayan nan REDC yo ane sa a ak senk (5) gayan ane pwochèn pou yon total 10. Nou bezwen chanje kilti a yon fason pou ankouraje transfè teknoloji ak lavant lide sou mache a toupatou nan peyi a. Epitou nou vle prepare yon nouvo òganizasyon ki rele Innovation New York Network. Innovation New York Network pral baze sou modèl Connect ki te gen anpil siksè nan San Diego ki te fè anpil bèl bagay pou vil sa a ak zòn sa a. Rezo a pral yon kolaborasyon ant kapitalis-risk yo ak edikasyon avanse pou sipòte lavant sou mache a. Sa ap ban nou enfòmasyon sou ki règleman ki kont-pwodiktif. Manm Premye inovasyon yo pral Jim Simons, David Skorton ak Tim Killeen. An nou bay yo yon seri aplodisman epi an nou di yo mèsi pou sèvis yo.

Nou dwe kontinye redui depans pou fè biznis nan New York Tounèf la. Nou dwe redui gwo fado asirans chomaj ak konpansasyon travayè yo. W ap tandè sa nan bouch prèske tout biznismann nan New York. Nou pwopoze yon refòm pwogram konpansasyon travayè ki ta netwaye sistèm nan. Nou ta fè refòm tou nan pwogram asirans chomaj lè nou sispann prete lajan pou peye avantaj pou premye fwa nan istwa eta a. Sa ap redui depans pou biznis yo pandan l ap ogmante avantaj yo tou pou travayè yo pou premye fwa depi ane 1999. Epitou sa ap ekonomize \$1,3 milya dola pou biznis yo, senpleman reflechi sou sa.

Ekonomi demen a se yon ekonomi teknoloji pwòp. Nou tout konnen sa, se yon konpetisyon manje – kèlkeswa eta, kèlkeswa zòn ki tonbe ladan ap genyen premye pri a, epi nou vle sa pou New York. Nou vle kreye New York Greenbank, ki se yon bank \$1 milya dola pou jwenn lajan piblik avèk lajan ekivalan sektè prive a pou sipòte ekonomi pwòp. Nou vle agrandi pwogram djòb enèji solè New York a \$150 milyon dola chak ane pandan 10 zan pou ogmante enstalasyon pano solè pou kay ak biznis yo. Sa bon pou anviwònman an, epi sa bon pou ekonomi an. Nou vle kreye pwogram Charge New York. Sa a se pou pidevan, zanmi mwen yo, epi nou vle envesti nan yon rezo vwati elektrik pou redui depandans nou sou konbistib fosil, pou enstale yon rezo estasyon chajman nan eta a, epi pou fè New York vin youn nan premye eta ki nan kous sa a toupatou nan peyi a.

Nou vle kreye yon za enèji nan nivo kabinè pou rasanble tout resous yo, epi pou fè sa nan yon fason detaye ak jeneral, epitou nou vle atire yon vedèt nasyonal pou alatèt efò n ap fè yo ak efò nou te fè yo. Se plezi mwen jodi a pou prezante ou Mesye Richard Kauffman, ansyen konseye prensipal pou Sekretè Enèji Etazini, Steven Chu. Li kite Washington. Li vini nan New York. Li pral alatèt efò nou yo. Nou pa kapab gen yon pi bon gason konsa nan peyi a. Mesye Richard Kauffman, nou kontan wè ou pami nou.

Youn na lòt defi nou yo se pou gen mendèv ki pare. Fòmasyon mendèv nou an toujou nan yon epòk diferan. Nou te pale sou sa pandan anpil ak yon pakèt ane, men nou pa t fè ase pwogrè. Nou dwe asosye ak fòm mendèv nou an pou djòb ki la jodi a ak demen. Nou dwe chanje ak re-imajine fason sistèm kolèj kominotè SUNY ak CUNY ap fonksyone. Yon pwogram fòmasyon

jenerik pou jwenn djòb pa diminye sa ankò. Nou bezwen yon bon pwogram koneksyon nan djòb. Djòb yo ap retounen sòti nan peyi etranje. Sa a se yon bon nouvèl. Sa patwon yo te vin konnen sèke gen plis travayè ki pa touche ase lajan, patwon yo bezwen mendèv ki gen konpetans avanse. Yo te aprann leson sa a, epi yo retounen, epi nou wè yo k ap retounen nan New York. Sa a se opòtinite nou, men nou dwe pare pou li. Gen 210.000 pòs travay ki pa gen moun ladan yo nan New York paske konpayi yo pa kapab jwenn travayè ki gen konpetans nou bezwen yo. Pwogram koneksyon avèk djòb nan New York pou pwochen jenerasyon nou an ap chanje modèl la. L ap travay avèk patwon yo pou idantifye djòb la, pou defini konpetans ki nesèsè djòb la bezwen an, pou fòme moun pou yo vin gen konpetans ki nesèsè a, epitou pou mete moun nan djòb la.

Nou vle baze finansman kolèj eta a sou yon salè pou modèl ranman. Kolèj yo ap resevwa peman pou plasman etidyan yo jan sa opoze avèk fòmasyon etidyan yo sèlman. Sa fonksyone byen. Nou gen modèl ki gen siksè nan New York – Monroe ak Finger Lakes, sa te travay byen toupatou nan peyi a. Avèk tout sa, nou bezwen yon lòt objektif pou pati nò New York. Te gen anpil deseni bès nan pati nò New York. Lè ou analize kwasans djòb nan pati nò New York, li tris toutbon epi sa bay pwoblèm. Nan dènye dizan yo, pati nò New York te gen yon kwasans 5% pandan eta a kòm yon ansanm te gen yon kwasans 11%, doub kwasans pati nò eta a, Vil New York te gen yon kwasans 16%, epi nasyon an te gen yon kwasans 9%. Kwasans nasyon an te pèmèt gen kwasans pati nò New York. Sa pa akseptab ditou. Nou te egzekite yon kantite pwogram pou lanse pati nò eta a. Se te yon priorite pou de (2) dènye ane yo jan ou konnen sa. Pwogram OUR Buffalo Billion, REDC yo, konsèy devlopman ekonomik rejyonal yo, pifò ladan yo nan pati nò New York. Otowout enèji, limit taks kay te fè yon gwo diferans nan pati nò New York, pwojè nan agrikilti. Nouvo pwojè jodi a ap travay tou pou pati nò New York. Pwen sansib yo, teknoloji pwòp, konpansasyon travayè nou te pale a, koneksyon avèk fòmasyon, men nou vle fè menm plis bagay. Pou kounye a, pa gen yon vrè plan maketing pou pati nò New York. N ap kòmanse mache a nan New York k ap yon plan maketing ki gen plizyè aspè pou sipòte kwasans pati nò eta a. Premyèman, n ap gen yon plan maketing kowòdone nan pwodui, diven, byè ak yogurt New York. N ap kòmanse yon gou pwogram New York k ap mete pwodui sa yo sou mache a yon fason dinamik. Yo kontan anpil paske yo isit la. Y ap agrandi. Nou devlope yon bon relasyon avèk yo. Nou vle investi avèk yo. N ap kreye magazen san taks, toupatou nan nasyon an pou ankouraje yo, toupatou na eta a, mwen regrèt erè sa a, pou ankouraje kwasans New York epi pou pwodiksyon pwodui. Pou ane k ap vini an, magazen san taks yo ap devlope yon chèn nasyonal.

Dezyèmman, n ap mete atraksyon rejyonal sou mache a. Pou kounye a sa eta a fè sèke nou finance komisyon touris konte a, ki te lakòz konte yo fè konpetisyon youn avèk lòt. Nou vle pou konte yo patisipe nan rejyon yo ak devlope aksyon rejyonal. Poutèt sa, n ap gen yon konpetisyon pami rejyon k ap mete konte yo ansanm toutbon pou jwenn yon plan maketing kowòdone pou devlope resous sa yo epi pou mete yo sou mache a nan rejyon sa yo. N ap òganize yon konpetisyon senk (5) milyon dola pou devlope pi bon plan maketing yo, epi nou gen resous yo, nou bezwen maketing nan sèlman. Depi nan Niagara Falls pou rive nan Finger Lakes, Thousand Islands ak Hudson Valley, nou gen tout sa.

Twazyèmman, nou gen kanpay maketing nan evènman espesyal yo pou atire evènman espesyal paske defi nou se pou re-mete moun yo nan bote ak resous pati nò New York. Mwen kwè si yo wè pati nò New York, y ap retounen, men nou bezwen fè entwodiksyon sa a. Kounye a, nou gen

anpil bon kalite evènman espesyal toupatou nan pati nò New York. Sa a se festival balon nan Glens Falls. Li bon anpil si ou pa t gen yon chans pou la anvan. Bat bravo pou Glens Falls, se pa Betty sèlman ki dwe bat bravo pou Glens Falls.

Pa egzanzp, New York gen kèk nan pi bon rapid dlo pwòp nan nasyon an. Mwen parye ou pètèt pa t menm konnen sa. Poutèt sa a, ane sa a nou pral finanse yon konpetisyon nasyonal nan rapid dlo pwòp ki rele Adirondack Challenge. Nou pral gen yon pati espesyal konpetisyon Adirondack ki kapab fèt ant ofisyèl gouvènman an. Epi nou pral kòmanse yon divizyon politisyen toutbon, epi nou pral gen yon seri règ avoka nou te prepare ak revize avèk anpil prekosyon. Premye règ la sèke ou dwe gen tout, ou dwe gen omwen sis (6) moun nan rado a. Ekip yo dwe miks, nou pito yo separe egalego. Raftè yo dwe se vrè anplwaye gouvènman an pandan omwen sis (6) mwa, epi yo dwe te anboche anvan jodi a. Tout raftè yo dwe pagaye. Pa gen parazit, se pa gouvènman an. N ap bay rado idantik yo ak ekipman idantik yo pami tout ekip yo. Sètènman sof pou rezon sekirite ki nesèsè. Ap gen yon kantite defi. Premye defi a se pral defi Egzekitif kont Asanble a, epi Pòtpawòl Asanble Sheldon Silver, amatè pasyone, alpinis, ap kaptenn rado Asanble a si li chwazi sa. Pwochen defi a se pral defi Sena a avèk ko-dirijan Skelos, mesye nou gen pou pagaye men jan, mesye. Pagaye menm jan an. Nou tout gen yon defi Eta New York-Vil New York, epi nou gen SS Bloomberg, epi Majistra Bloomberg sanble bon nan fè kèlkeswa sa l ap fè a. M ap gen ekip pa mwen. M ap gen mayo Brawny Paper Towel Man mwen pou mwen mete. M ap gen yon rado idantik ki menm jan nan tout fason, eksepte Lapolis Eta a ensiste sou sa paske mwen bay tèlman anpil repons pou ijans sou yon baz regilye kounye a, rado mwen bezwen yon motè. Sinon l ap menm bagay la. Sa a se Adirondack Challenge; li pwograme pou ane sa a. Mwen swete nou akseptè defi a, epi mwen swete pou nou tout gen siksè.

Yon lòt gwo posiblite pou fè moun vini nan pati nò New York se pou ogmante touris avèk kazino otèl-klib. Kounye a, kèk moun ap di New York pa nan biznis kazino, nou nan biznis chan-kous (racino), y ap di sa. Mwen ta di moun sa yo nan yon lòt eta ki rele eta refi paske pèsòn pa konnen nou pa nan biznis kazino – sitou kazino yo. Si ou gade fason kazino fè piblisite, sa yo di yo ye a, sa ki di nan televizyon, sa ki di andedan kazino a, nou nan biznis kazino. Sou plan teknik, nou ka rele sa biznis racino, nou ka pa kontwole li nan bon fason an, nou ka pa jwenn bon jan revni ladan, men nou te retounen nan biznis kazino, avèk non biznis racino. Kounye a, nou gen 17 bilding eta a k ap fonksyone, ki fè tankou yo se kazino. Epi nou di nan vil sa a nou di non, non, yo pa kòrèk, yo se racino toutbon. Non, yo fonksyone kòm kazino. Nou tout antoure avèk kazino, 39 fèmèn nan limite kote nou pèdi revni chak jou paske moun yo ale nan kazino sa yo pou jwe. Nou pwopoze yon plan jwèt aza nan kazino pou sipòte devlopman pati nò a. Kounye a, gen apeprè 8,2 milyon sitwayen nan Vil New York. Gen 50 milyon touris nan Vil New York chak ane. Yon gwo defi pou nou ak yon gwo opòtinite pou nou se pou mete trafik sa a ant Vil New York ak pati nò New York. Jan mwen te di anvan, mwen kwè si yo vizite, y ap retounen, epi y ap rete, men nou dwe mennen yo la. Epi nou mwen kwè kazino ki nan pati nò New York kapab yon gwo leman pou atire trafik la nan Vil New York. Kounye a, yo ale nan New Jersey, yo ale nan Connecticut, pou kisa nou pa mennen yo nan pati nò New York? Nou pwopoze yon plan jwèt aza nan kazino pou sipòte pati nò New York. Nou pwopoze faz en, twa (3) kazino antou nan pati nò New York. Okenn kazino nan Vil New York paske plan an se pou mennen Nouyòkè pati sid eta a nan pati nò a. Si ou mete yon kazino nan Vil New York, yo prale nan kazino Vil New York la. Moun ki sòti deyò vil la prale nan kazino Vil New York la. Nou vle pou yo ale nan pati nò eta a ak itilize sa kòm yon leman pou fè moun yo ale nan pati nò a. Nou pwopoze yon

separasyon revni 90% lajan an pou edikasyon, 10% pou soulajman fiskal lokal. Nou kwè gouvènman lokal la ak kominote yo ta dwe gen yon dwa pou sipòte oswa pou pa sipòte, epi sa ta dwe yon faktè nan chwa sant lan nan zòn nan. Nou kwè nou ta dwe òganize yon konpetisyon nasyonal. Mwen gen rezon pou kwè pi bon konpayi kazino nan peyi a ak nan lemond ap vini pou fè konpetisyon, men mwen kwè nou ta dwe mete politik sou kote nan desizyon an, epi nou ta dwe kite sa pou komiyon jwèt aza a chwazi pi bon nan merit yo. Sa ta mande pou gen yon referandòm nan mwa novanm.

Konsènan edikasyon, Gouvènè Seward te di prensip edikasyon an ta dwe monte. Li avanse anpil; edikasyon se priyorite nan responsablite nou yo. Li te di sa nan ane 1839; sa vrè jodi a. Lè se pou konsènan edikasyon, mwen di de (2) mo: plis ak pi bon. Nou bezwen plis tan pou aprantisaj nan peyi sa a. Pa nan eta sa a sèlman. Sekretè Arne Duncan te endike sa depi lontan. Nou toujou ap bay edikasyon tankou si nou te yon ekonomi latè ak yon sosyete latè, epi nou te bezwen timoun yo lakay ou pou travay nan chan yo. Se rezon sa a ki fè jounen lekòl nou ak mwa lekòl nou se sa li ye a. Avantaj plis edikasyon an endike aklè. Lè nou gade sou plan entènasyonal, peyi ki depase nou avèk plis timoun yo ki edike – sèlman kèk jou anplis nan edikasyon. 200 pou Kore, 190 pou Kanada, 179 pou Etazini. Nou bezwen plis tan pou aprantisaj lan, zanmi mwen yo, si nou vrè serye sou amelyorasyon edikasyon an. Genyen twa (3) chwa pou plis tan. Chwa A se jounen pi long, pwolonje jounen lekòl la a 3 zè oswa kòmanse lekòl la pi bonè nan jounen an. Chwa B se gen yon ane pi long, mwens vakans sezon lete, oswa mwens vakans pandan ane a. Oswa ou kapab fè yon melanj toulède. Kounye a, desizyon sa yo se gwo desizyon, yo afekte fanmi yo, yo afekte katye yo. Ap gen diferan pwendvi sou chwa sa yo. Pwopozisyon nou sèke nou, eta a, fè li yon chwa pou chak distri lekòl ki nan eta a, si yo vle patisipe ak fason yo patisipe a – jounen pi long, ane pi long, melanj. Sa depannde yo. Men si yo fè sa, eta a ta peye 100% depans edikasyon an pou bay yo prim avantaj pou fè sa toutbon.

Nou bezwen plis edikasyon bonè. Chak espè ap di ou edikasyon bonè fè yon diferans, epi li fè diferans lan pou lavi. Estatistik yo akablan. Timoun ki resevwa edikasyon bonè bay yon pèfòmans 25% pi byen nan matematik lè yo nan klas dezyèm ane, 20% pi byen nan Angle, 30% gen plis chans pou diplome nan lekòl segondè, 32% gen mwens chans pou yo arete yo kòm yon jivenil. Nou ta dwe bay vrè klas pre-matènèl pou tout timoun nou yo. Pou kounye a, nou gen klas pre-matènèl inivèsèl, yo bay li sèlman nan 67% distri lekòl yo, epi anmwayèn, yo ofri sèlman de (2) èdtan edmi chak jou. Epi n ap agrandi pwogram klas pre-matènèl la nan klas pre-matènèl jounen konplè, senk (5) èdtan. Epi n ap kòmanse avèk elèv ki nan distri lekòl ki mwen rich yo. An fè sa jodi a.

Nou bezwen pi bon pwofesè. Ansèyman se youn nan pwofesyon ki pi enpòtan nan sosyete a. Nou dwe atire ak ankouraje yo pi bon yo pou yo vin pwofesè. Nou bezwen revize pwosesis fòmasyon ak sètifikasyon pwofesè yo, ogmante prensip pou admisyon yo, epitou nou ta dwe mete anplas yon kalite egzamen bawo chak pwofesè dwe fè ak pase anvan nou mete yo nan yon salklas pou anseye elèv nou yo. N ap travay pou chanje kilti edikasyon an epi pou kreye yon kilti pèfòmans. Pou yon kilti pèfòmans, toudabò ou bezwen yon pwosesis evalyasyon. Ou bezwen konnen sa ki efikas, sa ki pa efikas, ki pwofesè ki efikas, ki pwofesè ki pa efikas. Ankouraje pwofesè ki efikas yo, epi ede pwofesè ki pa efikas yo.

Ane pase, nou te kòmanse yon sistèm evalyasyon pwofesè, apre anpil ak yon pakèt ane pèdi tan ak opozisyon ak mank pwogrè, nou te di dènye ane a nou te dakò sou yon sistèm evalyasyon epi answit nou te di distri lekòl ki nan eta a, nou vle pou ou adopte li, nou vle pou ou adopte li anvan fen ane a, epi si ou pa fè sa, ou pa pral jwenn ogmantasyon 4% nou te pwomèt nan bidjè a. Ebyen zanmi mwen yo, akò pou 4% te efikas; 99% distri lekòl yo te soumèt yon tès evalyasyon pwofesè anvan dat limit lan, felisasyon. Nou vle kontinye sa; plis pase 90% plan ki vini yo dire ski vini yo dire sèlman yon ane. Nou vle kenbe modèl la pou nou kapab jwenn èd siplemantè, ou gen pou kontinye pwosesis evalyasyon an.

Dezyèmman, nou dwe peye pou pèfòmans pwofesè yo, epitou nou dwe ankouraje pwofesè ki gen pèfòmans avanse. Ou gen pou di yon pwofesè si ou travay pi di epi si ou fè pi byen epitou si elèv ou yo travay pi byen, w ap fè pi byen epi w ap gen yon pi gwo rekonpans. Poutèt sa, nou pwopoze yon pwogram kote pwofesè ki bay pèfòmans avanse, sa nou rele pwofesè espè yo, ap resevwa \$15.000 dola nan revni siplemantè chak ane pandan katran, epitou y ap vin yon gid ak pwofesè pou lòt pwofesè yo. Si ou vle pou pwofesè yo fè pi byen, peye pwofesè yo epi ankouraje pwofesè yo fè pi byen. Se pa tout pwofesè ki resevwa peman menm jan an kèlkeswa sa ki pase.

Edikasyon nan kominote ki nan detrès yo se yon egzèsis ki diferan nèt dapre sa mwen panse. Yon lekòl ki nan yon distri pòv pa yon lekòl sèlman. Yon lekòl ki nan yon distri rich gen yon seri bezwen. Yon lekòl ki nan yon distri ki pi pòv gen yon seri bezwen ki diferan nèt. Nou vle kreye lekòl kominotè nan kominote ki nan detrès yo, kote lekòl kominotè yo ap vin sant tout sèvis timoun nan ak fanmi an bezwen pou siviv. Sa pa konsène bay yon edikasyon sèlman; sa konsène swen sante, manje, konsèy pou fanmi yo, yon klinik medikal. Mete tout sa nan lekòl la, epi rele sa li ye a. Kominote sa yo se kominote ki gen detrès. Kominote sa yo gen elèv ki nan pi gwo bezwen. An nou bay yo sèvis yo bezwen yo. Gen tout kalite modèl ki gen siksè pou swiv.

NYSUNY 2020 nou an se yon siksè. Chanselye Nancy Zimpher ap fè yon gwo djòb. Nou vle pran avantaj sou sa ak fè yon twazyèm seri NYSUNY 2020. Nou vle agrandi li pou aplike li nan sistèm CUNY epi pou gen yon NYSUNY 2020 ane sa a.

Menmsi edikasyon ak opòtinite ekonomik se motè a, gen plis nan New York. Gen yon kontra sosyal paske nou se yon kominote ki baze sou prensip pwogrè, epi nou dwe konsève kapital pwogrè nasyon an. Sa konsène prensip, sa konsène onètete, sa konsène egalite, sa konsène desans. Teddy Roosevelt di konsa – “Okenn moun pa kapab yon bon sitwayen sof si li gen yon salè ki pi plis pase sa ki ase pou depanse pou apèn koudlavi a.”

Moun pa ka viv avèk salè minimòm kounye a. Se sèlman \$14.616 dola. Depans pou gazolin chak ane se \$1.200 dola. Depans pou gazolin chak ane se \$1.300 dola. Depans pou asirans vwati chak ane se \$1.400 dola. Depans pou manje angwo chak ane se \$6.500 dola. Depans pou swen timoun chak ane se \$10.000. Depans pou lojman chak ane se \$15.000 dola sou yon salè minimòm \$14.000 dola. Zanmi mwen yo, sa pa posib. Diznèf (19) lòt eta ogmante salè minimòm nan; nou pwopoze pou ogmante salè minimòm nan a \$8,75 pa èdtan. Se bon bagay pou fè a. Se bagay ki onèt pou fè a. Nou dwe fè sa depi lontan. Nou te dwe fè sa ane pase. An fè sa ane sa a.

Nou se yon sèl New York, epi kòm yon sèl New York nou p ap tolere diskriminasyon. Gen yon defi ki parèt nan politik lapolis “kanpe epi fouye”. Apeprè 50.000 arestasyon nan Vil New York



pou posesyon mariwana, plis pase nenpòt lòt posesyon. Sou 50.000 arestasyon sa yo, 82% se moun nwa ak Latino-Ameriken. Sou 82% ki se moun nwa ak Latino-Ameriken, 69% se moun ki poko gen laj 30 ane. Moun sa yo jèn moun, sitou gason nwa ak gason latino-ameriken. Arestasyon sa yo kite tras, yo konsidere moun yo kòm kriminèl, yo kreye yon dosye pèmanan. Sa pa jis. Sa pa bon. Sa dwe fini. Epi sa dwe fini kounye a. Pwoblèm nan dekoneksyon an paske mariwana sou yon moun se yon vyolasyon, mariwana kote piblik la wè li se yon deli. Dwe gen yon egalite. Legalize vizyon piblik la avèk 15 gram oswa mwens pou ka gen yon onètete ak egalite nan sistèm nan, epi nou sispann kite tras sou moun sa y, pou fè li vin pi difisil pou yo jwenn yon djòb, pou fè li pi difisil pou yo ale lekòl, pou fè li pi difisil pou mete lavi yo nan lòt sans pandan yo trè jèn nan.

Nou bezwen asire onètete nan sistèm jistis la. Pwoblèm nan sèke idantifikasyon temwen yo pa erè ki lakòz ADN ede anile apeprè 75% move kondanasyon ak fo konfesyon te lakòz ADN te ede anile apeprè 25% move kondanasyon yo. Sonje, sa pa yon jwèt chif pou yon pwokirè. Sa pa vle di lè gen plis kondanasyon bagay yo ap pi bon. Yon move kondanasyon pa pwoteje pèsòn, epi ou toujou inosan jouk lè yo pwouve ou koupab nan sistèm sa a. Epi an nou asire sistèm nan sonje sa epi sistèm nan bay sa. Nou pwopoze pwoteksyon moun ki inosan yo nan sistèm jistis la. Nou pwopoze pou egzije administrasyon avèg ID foto temwen yo ak konfesyon ki anrejistre nan videyo pou moun yo sispèk ki fè krim vyolan ak zak ak zak seksyèl ki asosye. Sa ap ban nou pi kwè kondanasyon nou jwenn yo onèt ak jistifye toutbon.

Mwen t ap travay nan domèn lojman ki pa chè pandan tout lavi mwen. Mwen te kòmanse lè te mwen nan ventèn mwen. Mwen ta renmen di nou te fè travay la toutbon, men verite a se opoze egzat la. New York toujou gen yon gwo bezwen lojman ki pa chè, epi nou pa satisfè bezwen sa a pandan twò lontan. Eta New York pral antre nan moman laglwa biznis pwogram lojman ki pa chè avèk yon pwogram \$1 milya dola pou pwodui oswa pou konsève plis pase 14.000 inite lojman nan pwochen senk (5) ane yo.

Eta New York se kapital egalite nasyon an, men nou toujou gen plis bagay pou fè. Paske jan ou te tande Raben an te di, se pa tout moun ki rive jwenn tout egalite a an sosyete nou an.

[VIDEYO: De (2) tibebe sa yo te fèt nan menm lopital la epi nan menm jou ak nan menm lè a. Yo toulède pral lakay yo pou jwenn fanmi yo ak bon kay. Yo prale nan bon lekòl, y ap fè menm nòt, epi y ap resevwa menm diplòm nan. Y ap antre nan menm pwofesyon an, men lavi yo ap diferan anpil. Youn ap resevwa anmwayèn \$11.000 dola an mwens chak ane ak \$500.000 dola an mwens pandan lavi li. Lòt la gen 32 fwa plis chans pou vin yon Direktè Jeneral oswa pou travay nan yon konsèy sosyete. Youn gen senk (5) fwa plis chans pou viktim asèlman seksyèl oswa pou vin yon viktim vyolans nan kay, ak plis pase de (2) fwa plis chans pou vin yon viktim diskriminasyon nan lojman oswa nan jwenn lajan prete. Youn gen de fwa plis chans pou se yon sèl paran nan povrete, ak de fwa menm chans pou viv nan povrete lè li vin granmoun. Pou kisa? Paske youn se yon ti fi. Sa pa bon. Sa pa jis. Se moman pou gen yon Lwa sou Egalite Fanm (Women's Equality Act ) yo.]

Nou te vote maryaj egalego pou tout moun. An nou fè listwa ankò epi an nou vote yon Lwa sou Egalite Fanm yo nan Eta New York. Lwa sou Egalite Fanm yo ta gen yon pwogram an dis (10) pwen.

Nimewo 1: Demoli plafon vit la lè nou vote yon vrè lwa sou salè egalego – multipliye domaj-entèrè yo pa twa pou salè ki pa ase yo oswa pou diskriminasyon.

Nimewo 2: Gen zewo tolerans pou asèlman seksyèl nan peryòd espas travay la.

Nimewo 3: Ranfòse lwa kont diskriminasyon nan travay, nan prete lajan ak nan kredi.

Nimewo 4: Ranfòse lwa kont trafik moun.

Nimewo 5: Mete yon p final nan diskriminasyon ki baze sou sitiyasyon fanmi.

Nimewo 6: Anpeche mèt kay yo bay refi lojman pou lokatè kalifye yo akòz sous peman yo, fanmi Seksyon 8.

Nimewo 7: Sispann diskriminasyon nan lojman pou moun ki viktim nan vyolans nan kay.

Nimewo 8: Sispann diskriminasyon akòz gwosès yon fwa pou tout.

Nimewo 9: Pwoteje moun ki viktim nan vyolans nan kay avèk ranfòsman lwa sou Lòd Pwoteksyon.

Nimewo 10: Pwoteje libète yon fanm pou chwazi. Pibliye yon Lwa sou Sante Repwodiksyon paske se kò li, se chwa li. Paske se kò li, se chwa li. Paske se kò li, se chwa li.

Mwen se yon moun ki beni avèk twa (3) pitit fi: Cara, Mariah, Michaela. Anpil nan nou konnen yo. Poutèt sa, paran mwen yo beni avèk 14 pitit-pitit, 13 ti fi nan 14 pitit-pitit. Poutèt sa, Cuomo yo beni anpil avèk fanm, poutèt sa nou santi yon obligasyon espesyal. Pètèt se yon monn gason, men se pa yon monn gason nan New York. Sa p ap fèt ankò. Nou pral vote Lwa sa a sou Egalite Fanm yo. Nou pral chanje lavi pou pitit fi mwen yo ak pitit fi pa ou yo ak sè ou yo ak nyès ou yo ak madanm ou ak lòt moun ki enpòtan ak chak moun ki nan sal sa a. Chak moun ki nan sal sa a. Epi nou pral fè sa ane sa a.

Nan domèn sekirite piblik – vyolans avèk zam – se te yon sakaj jan nou konnen sa deja ak epi nou gen anpil doulè. Nou dwe sispann foli a, zanmi mwen yo. Epi nan yon mo li senpleman ase. Li te ase. Nou bezwen yon règleman sou zam nan eta a ki rezonab, ki ekilibre, ki mezire. Nou respekte chasè yo ak espòtif yo. Se pa pou retire zam nan men moun yo. Mwen posede yon revòlvè. Mwen posede yon fizi Remington. Mwen te fè lachas, mwen te tire zam. Se sa pa sa li ye. Sa vle di pou nou sispann risk ki pa nesesè avèk fizi-daso ki gen kapasite avanse. Se sa li ye. Nou gen pwogram an sèt (7) pwen.

Nimewo 1: Pibliye entèdiksyon atak ki pi sevè nan peryòd nasyon an.

Nimewo 2: Elimine lakin nan lavant prive lè nou mande tchèk dosye federal.

Nimewo 3: Entèdi magazin kapasite avanse yo.

Nimewo 4: Bay sanksyon ki pi sevè pou itilizasyon zam ilegal, zam nan espas lekòl ak gang vyolan.

Nimewo 5: Pa kite moun ki gen maladi mantal yo pote zam.

Nimewo 6: Entèdi lavant dirèk minisyon nan Entènèt nan New York.

Nimewo 7: Kreye yon tchèk NICS Eta a sou tout acha minisyon.

Eta New York te premye eta nan fason an sou zam yo fwa anvan. Se te Lwa 1911 Sullivan, ki te premye nan lwa sou kontwòl zam nan nasyon an – yon lwa modèl ki te egzije pou yon moun gen pèmi pou li gen yon revòlvè. New York te premye; li toujou la. New York te premye nan fason an, poutèt sa a an nou vote lwa ki bon ak onèt, epi an nou vin alatèt yon fwa ankò nan sove lavi moun.

Lè li konsène refòm nan gouvènman, nou tout kwè nan gouvènman an, sinon nou pa ta nan sal sa a jodi a. Men pou gouvènman an efikas, yo dwe fè nou konfyans epi tankou yo fè nou plis konfyans tank n ap pi efikas paske se relasyon nou genyen avèk sitwayen eta sa a.

Nou dwe fè refòm nan finans kanpay elektoral paske moun yo kwè gen lòt ki finans kanpay elektoral yo nan ritm egzajere. Pou kounye a, New York gen pi gwo limit kontribisyon pami tout eta yo, twazyèm pi piti ritm patisipasyon. Mwen vle pwopoze plan New York Divilge (Disclose New York), ki senp anpil. Se peryòd lwa sou divilgasyon ki pi dinamik nan nasyon an. Sa li mande se divilgasyon tout kontribisyon politik ak kontribisyon pou lòbi anvan peryòd 48 èdtan sou fòm elektwonik. Kounye a – Kounye a lwa sou divilgasyon an mande pou ou kapab divilge pafwa chak sis (6) mwa, pafwa yon ane, pafwa jamè. Nou ta aplike sa nan tout òganizasyon politik ak òganizasyon k ap fè lòbi – PAC yo, 501(c)(3), 501(c)(4) ki fè lòbi, komite politik, pati politik. Nenpòt kontribisyon anvan 48 èdtan divilge sou \$500 dola. Pa gen anyen tankou sa nan peyi a. Aplike yon sistèm finans piblik ki baze sou Vil New York. Li travay byen nan Vil New York, l ap travay byen nan Eta New York. Nou bezwen bese limit kontribisyon yo pou tout fonksyon, pati politik, kont afè entèn yo pake limit yo senpleman twò wo.

Epi refòm gouvènman an dwe ale nan gouvènman lokal yo, ki gen pwoblèm finansye ki grav men jan ak eta a. Nou pwopoze pou mete anplas Pwogram Asistans pou Restriktirasyon (Financial Restructuring Assistance Program), k ap yon efò komen – yon gwoup travay miks k ap gen ladan Kontwòlè Finansye a, Pwokirè Jeneral la, Divizyon Bidjè ak konsiltan restriktirasyon finansye sektè prive pou ede travay nan domèn sa a avèk pwoblèm finansye li yo. Pa gen apwòch inik. Mwen te gade nan yon kantite konte, yon kantite vil – yo tout nan sitiwayon diferan. Kèk ladan yo gen twòp dèt, kèk ladan yo gen gwo depans, kèk ladan yo gen bezwen lajan kach akoutèm. An nou pote yo sou plan endividyèl si yo nan detrès finansye. N ap chita avèk yo, prezante yon plan restriktirasyon ki fè sans, epi n ap travay avèk yo sou plan restriktirasyon yo.

Fason pou reponn pou kriz la. Nou dwe fè tout sa nou endike anwo a, men nou gen plis responsablite tou pou nou bezwen abòde Ouragan Sandy. Epi an nou kòmanse aprann nan sa ki te pase a. Nou te mete kat (4) komisyon anplas imedyatman apre Ouragan Sandy pou analize plizyè aspè ouragan an ak leson nou te aprann yo. Yo te fè yon travay ekstrawòdinè epi mwen ta mande nou pou bay yo yon seri aplodisman kounye a pou rekonèt prezidan yo ki te travay di anpil.

Premye bagay nou gen pou aprann se aksepte reyalite – epi mwen kwè se yon reyalite – klima a chanje toutbon. Li pa bon pou di sa se – chak nan sitiasyon sa yo rive yon fwa nan lavi a. Te genyen – genyen yon inondasyon sou 100 ane chak dezan kounye a. Gen prèv ki montre lanmè a pi cho epi gen yon chanjman nan modèl tan an, epi moman pou aji a se kounye a. Nou dwe bese limit emisyon gaz efè tèmik rejyonal la. Epi an nou fè yon vrè diferans sou chanjman klima a lè nou redui limit CO2 a. Nou dwe ogmante tou itilizasyon sous enèji renouvlab lokal nou. Nou pwopoze ogmantasyon itilizasyon lòt kalite enèji, distribisyon pwodiksyon kouran elektrik la, k ap redui depandans nou sou gwo izin elektrik yo.

Nou dwe konprann bezwen kominote lakòt yo. Paske yo reprezante defi espesyal epi anpil ladan yo se moun ki fè yo. An nou fè yon ti koutje sou pwenti sid Manhattan. Se te pwenti sid Manhattan nan ane 1609. Se pwenti sid Manhattan kounye a, se moun ki kreye tout zòn ki plen yo. Se pwenti sid Manhattan avèk onn tanpèt Sandy. Ou kapab wè zòn moun fè yo se zòn ki frajil nan onn tanpèt. Se fason yo te plen yo; se fason yo te bati yo. Nou pwopoze Recreate NY-Smart Home Program, kote alapas sèlman rekonstwi yon kay jodi a – nou ka rebati trè byen nan dezan ki vini apre kounye a, nan twazan ki vini apre kounye a, nan katran ki vini apre kounye a – nou rebati li yon sèl fwa, men nou rebati li yon sèl fwa kòrèkteman epi nou diminye dega yo pou domaj ak katastwòf nan anviwònman an. Mwen ta pito peye plis lajan epi mwen ta mete yon kay sou koneksyon ki wo pase pou mwen rebati kay la twa (3) fwa.

Nou pwopoze yon pwogram Recreate NY-Home Buyout. Gen kote moun yo ka chwazi pou yo pa rebati. Mwen te pale avèk pwopriyetè kay ki te nan inondasyon grav twa (3), kat (4), senk (5) fwa nan kèk dènye ane yo. Anpil ladan yo di mwen pa vle gen pou fè sa ankò. Mwen ta pito achte pasèl tè epi avanse. Gen kèk pasèl tè Lanati posede. Lanati ka sèlman vizite yo yon fwa chak kèk ane, men Lanati posede pasèl tè a epi lè Lanati vin vizite pasèl tè, Lanati vizite li. Nou vle egzekite yon pwogram k ap bay lajan pou achte kay moun sa yo ki pa vle rebati epi ki vle ale nan tè ki pi wo sou plan literal, epi sa ta yon desizyon entèlijan. Nou dwe ranfòse enfrastruktik nou yo, nou dwe ranfòse sistèm Tren Vil New York. Manhattan se yon mèvèy akòz wotè yo bati ladan. Kèk pati nan Manhattan 15 etaj an pwofondè avèk enfrastruktik. Kèk pati nan Manhattan 15 etaj an pwofondè avèk enfrastruktik. Tinèl tren yo, tinèl dlo, fil elektrik yo, elatriye. Ou pa kapab kite 15 etaj sa yo anba nivo inondasyon yo. Sa ta demoralize vil la pandan lontan. Nou dwe ranfòse sistèm tren vil la pou pa gen inondasyon. Se fèmte tinèl yo. Se fèmte kanalizasyon yo. Se woule pòt yo desann. Se vesi gonflab yo. Teknoloji a la, li chè men li nesèsè. Nou dwe ranfòse ayewopò nou yo vin solid. Nou pa kapab fèmen ayewopò nou yo chak fwa gen yon tanpèt, nou bezwen mete ponp ki kapab fonksyone anba dlo, maregraf, elatriye. Nou bezwen ranfòse sistèm livrezon gaz nou, nou te wè nan pati sid eta a ki dezòd sistèm konbistib la te lakòz. Se te rediksyon rezèv pou yon jou edmi, se tout sa li te ye, yon jou edmi mankman nan rezèv akòz semèn dezòd yo. Nou dwe gen yon pwogram ki egziye estasyon gazolin ki nan zòn estratejik yo pou yo gen dèlko sipr, epi eta a ta dwe gen yon rezèv gaz estratejik pou pwoteje Nouyòk yo akoutèm sizoka gen yon rediksyon gaz.

Nou dwe ranfòse sèvis piblik nou yo, epi nou pare toutbon pou pwochen tanpèt la, epi nou gen yon Komisyon Sèvis Piblik (Public Service Commission, PSC) ki pral mande sèvis piblik yo pou yo prezante yon vrè plan. Nou bezwen restriktire sistèm enèji nou an. Nou te bay Komisyon Moreland pouvwa, ki endike anjeneral epi mwen di “mete vrè plan aplikasyon kontwòl nan

Komisyon Sèvis Piblik la, ki pa t gen pouvwa pandan twò lontan.” Lè li konsène Long Island Power Authority (LIPA), li pa t janm fonksyone, li p ap janm, moman an vini pou aboli LIPA, pwen. Epi tout moun sa yo se moun Queens. Nou vle bay priyorite pou sèvis Long Island, k ap anba kontwòl yon nouvo PSC k ap gen pouvwa epi k ap fèt anmenmtan. Epi nou vle fè sa nan yon fason ki pwoteje kontribiyab yo, epi ki pa chanje tarif la pou yon peryòd anpil ane. Poutèt sa a, p ap gen ogmantasyon pou kontribiyab yo, ap gen yon pi bon òganizasyon kontwòl, epi ap gen yon pi bon founisè.

Nou vle kreye yon rezo repons premye klas pou ijans. Nou tout gen yon sistèm antrènman ak pwotokòl ki menm epi ki anba kontwòl SUNY ak CUNY. Nou vle tout anplwaye ijans ki nan eta sa a resevwa menm antrènman an, pou nou tout ka gen menm pwotokòl yo, pou nou tout ka gen menm konpreyansyon an, epi pou pa gen pwoblèm kominikasyon nan mitan yon kriz. Nou vle pou eta a gen yon pwogram sètifikasyon, kote l ap sètifye toutbon vre travayè ijans yo ki te pase nan pwosesis sa a. Nou vle pou eta a kreye yon rezèv, pou nou ka gen sa nou bezwen nan pwochen kriz la, pou nou ka gen dèlko, pou nou ka gen rezèv dlo, pou nou ka gen manje, epi pou nou pa gen pou enkyete nou lè n ap eseye chèche yo nan mitan yon kriz.

Nou vle pran avantaj sou lespri volontarya New York. Nou vle kreye yon kò volontè nan eta a, k ap gen moun toupatou nan eta a k ap resevwa ti antrènman, epi k ap kapab sèvi kòm volontè si yon katastwòf frape yon lòt pati eta a. N ap òganize yo avèk yon ansanm ladrès. Nou bezwen sa nan Long Island prese-prese, elektrisyen epi nou pa kapab jwenn yo, epi n ap eseye jwenn elektrisyen toupatou nan eta a. Nou vle pou tout travay la fèt ak òganize anvan. Se Egzekitif Konte a, Ed Mangano, k ap pote bokit lou sa a. Mèsi Ed.

Nou vle kreye yon rezo non-komèsyal nan eta a pou ede kowòdone repons pou ijans yo. Nou vle gen yon kanpay edikasyon sitwayen pou prepare sitwayen yo paske yo tout se premye sekouris lakay yo, epi chak fanmi ak chak manman ak chak papa ta dwe konnen sa k ap pase, sa ki ta dwe pase, si Bondye padone, yo nan yon sitiyasyon ijan lakay yo.

Sipè-Ouragan Sandy te se pi gwo ouragan ki te frape nòdès la nan istwa rekò yo. Nou bezwen epi nou merite èd federal. Toudabò, mwen vle di nou mwen te travay san pran souf avèk delegasyon Kongrè a, epi gouvènman ki nan Washington pou Nouyòkè yo ap travay menm jan gouvènman ki nan Albany an ap travay pou Nouyòkè yo. Nou pa Demokrat, nou pa Repibliken, nou pa endepandan. Nou pa konsèvatè, nou pa liberal. Nou se Nouyòkè, epi n ap travay ansanm kòm Nouyòkè pou jwenn sa ki bon pou New York, epi se egzaktman sa delegasyon an ap fè. Mwen fyè pou mwen pami yo. Mwen mande yo pou yo kanpe pou nou kapab rekonèt yo: Manm Kongrè Peter King, Manm Kongrè Jerry Nadler, Manm Kongrè Carolyn Maloney, Manm Kongrè Jose Serrano, Manm Kongrè Paul Tonko, Manm Kongrè Grace Meng, Manm Kongrè Sean Patrick Maloney, mèsi pou sèvis ou, mèsi pou travay ou, mèsi pou tout efò ou. Nou mande \$60 milya dola èd akòz ouragan an pou New York ak New Jersey. Jiska prezan, Kongrè a afekte \$9 milya dola. Zanmi mwen yo, sa twò piti epi li twò ta, epi sa pa gen anyen pou wè avèk fason Kongrè a te aji lontan, sa te fèt depi lontan lè gen yon katastwòf, gouvènman nasyonal la bay èd. Pou kisa? Paske sa ta ajoute jouman sou chòk la pou di nan zòn ki domaje a, kounye a ou gen pou finance pwòp rekonstwiksyon ou. Zòn nan pran chòk. Gouvènman federal la vini, li bay lajan pou rekonstwiksyon, zòn nan retounen nan aktivite li. Sa bon pou zòn nan epitou sa bon pou tout peyi a. Se yon sitiyasyon ki pa t janm rive nan tan modèn yo, kote gouvènman federal la

te pa t bay repons lè gen yon katastwòf. Epi Ouragan Sandy, apre Ouragan Katrina, se youn nan pi grav katastwòf nan istwa politik nan peyi sa a, epi gade sa yo te fè lontan: Tranblemanntè San Francisco ane 1989 la, yo te bay finansman an 8 jou apre; Ouragan Andrew nan Florida 30 jou apre; Tranblemanntè ane 1994 nan Northridge 26 jou apre; Ouragan Isabel 49 jou apre; Ouragan Katrina 10 jou apre; Ouragan Gustav 7 jou apre. Ouragan Sandy 68 jou apre; yo afekte \$9 milya dola. Sa se jou 73 epi n ap kontinye konte. Sa ap akseptab zanmi mwen yo. Mesaj nou pou Kongrè a klè: New York ini. Bay èd nou bezwen ak merite a, pa jwe politik avèk Eta New York. Pa pote enpas politik Washington nan New York. Pa jwe politik pandan moun yo bezwen retounen lakay yo epi pandan ti biznis yo bezwen lajan pou louvri pòt yo. Sonje New York paske New York p ap bliye, mwen pwomèt ou.

Poutèt sa nan konklizyon, kisa Sitiyasyon Eta a ye? Repons lan zanmi mwen yo, nou gen travay pou fè. Gade tout pwojè nou te prezante jodi a. Ou gen yon lide. Nou genyen tou yon liv 300 paj nou pral ba ou kòm yon kado orevwa pou li aswè a sizoka ou te rate nenpòt ladan yo. Pwogram nou prezante jodi a se pwogram twa (3) ki pi dinamik aklè mwen prezante nan Sitiyasyon Eta a. Mwen ta renmen di se te senpleman yon gouvènman dinamik. Se plis yon fonksyon bezwen tan. Nou bezwen fè tout sa nou t ap fè a, avèk ekonomi an, avèk edikasyon an, elatriye. Nou bezwen abòde epidemi ak fleyo vyolans avèk zam. Nou bezwen abòde Ouragan Sandy tou. Poutèt sa wi, se yon pwogram dinamik. Gen anpil travay. Men yo chwazi nou pou alatèt, zanmi mwen yo, epi n ap alatèt. Yo chwazi nou pou bay rannman, epi n ap bay rannman. Nou pwouve nou kapab alatèt, epi nou pwouve sa nou kapab fè. Epi nou konnen avèk defi sa yo nou genyen an, se egzakteman sa nou dwe fè kounye a. Nou gen defi ki dekourajan, san dout, men defi sa yo reprezante opòtinite enteresan tou. Wi, li difisil pou fè refòm nan edikasyon an. Mwen konnen politik li. Mwen konnen pwoblèm yo. Mwen konnen kesyon yo. Men èske ou kapab imajine kijan eta sa a entèlijan? Lè nou edike tout timoun nou yo toutbon nan pi Bon nivo posiblite yo, kilè chak timoun nwa ak chak timoun blan ak chak timoun lavil ak chak timoun andeyò ap jwenn edikasyon nan tout posiblite yo? Mwen konnen li difisil pou ede ekonomi pati nò a, mwen konnen anpil deseni bès te pase, men èske ou kapab imajine kijan ekonomi nou pral gen siksè lè motè ekonomik pati nò eta a ap mache a tout vitès? Epi Utica ak Buffalo ak Syracuse ak Rochester al Albany nan tout jwèt yo. Mwen konnen fanmi yo te jwenn tretman enjis pandan lontan. Mwen konnen li kiltirèl, mwen konnen li istorik, mwen konnen li difisil. Men èske ou kapab imajine kisa sosyete sa a kapab reyalize lè fanm nou yo patisipe nèt kòm patnè egalego nan tout sa n ap fè? Mwen konnen, mwen konnen pwoblèm kontwòl zam nan difisil, mwen konnen li politik, mwen konnen li diskite. Men nou pwopoze mezi tout moun konprann jodi a. Epi mwen di ou bliye ekstremis yo. Li senp; pèsòn pa fè lachas avèk yon fizi-daso. Pèsòn pa bezwen dis boulèt pou touye yon sèf. Epi twòp moun inosan mouri deja. Mete pwen final nan foli a kounye a! Vote bon lwa ki rezonab sou kontwòl zam nan Eta New York! Fè eta sa a gen plis sekirite! Sove lavi mou! Trase yon egzanp pou rès nasyon an! Fè yo gade New York epi pou yo di se sa ou kapab fè epi se sa ou ta dwe fè! Sa se New York, Kapital Pwogrè a. Ou montre yo fason nou dirije. Nou kapab fè sa. Nou te fè sa anvan, nou kapab fè sa ankò.

Mwen konnen, mwen konnen rekonstwiksyon apre Ouragan Sandy pral difisil. Mwen konnen nou peye yon pri ki chè anpil. Mwen konnen fanmi yo ap kontinye peye yon pri ki chè anpil. Men tou mwen konnen nou gen yon opòtinite ekstrawòdinè pou pa sèlman rebati men tou pou rebati pi byen. Nou kapab rebati yon pi bon sosyete pase nou te fè sa. Nou kapab rebati yon distans ki gen anpil milye mil wout. Kou kapab amelyore kay yo. Nou kapab pran kontwòl

konpayi sèvis piblik yo ki pa t sou kontwòl nou pandan twò lontan. Nou kapab retounen nan sann yo, epi nou kapab pi entèlijan ak pi fò pase jamè. Nou kapab modènize, epi mwen konnen gen yon aspè pozitif nan ouragan sa a. Epi se fason Nouyòkè yo te vin ini. Se nan moman ki pi fènwa nou, nou briye pi klere. Se nan moman grav yo, pi bon nan moun yo sòti deyò. Epi te gen yon pakèt ak anpil sipò, pati nò ak pati sid eta a. Premye sekouris yo se te ewo, wi, men sitwayen mwayen yo te parèt. Youn apre lòt yon apre lòt youn apre lòt. Epi yo te la sèlman paske yo te vle ede, senpleman paske yo te enterese a moun, senpleman paske yo te renmen moun, senpleman paske yo te Nouyòkè, epi yo te wè lòt Nouyòkè ki te nan bezwen. Epi yo te wè pwen komen pami nou, epi yo pa t wè diferans yo. Nou pa t mou nwa ak moun blan, pati nò ak pati sid ak moun rich ak moun pòv. Nou te Nouyòkè senpleman. Nou te ini, nou te yon sèl la. Somos uno. Epi gen enèji nan inite sa a. Se New York nan pi bon moman li, se New York k ap fè tout sa li kapab, se New York k ap viv rèv la, se New York, laboratwa eksperyans demokrasi ameriken an, se New York k ap onore fanm ki nan pò a. Eitati Libète ki kenbe flanbo a epi ki di konsa “nou tout envite.” Nou tout envite, epi mwen pa bezwen konnen koulè po ou, epi mwen pa bezwen konnen konbyen lajan ou gen nan pòch ou. Ou vini isit la, epi n ap investi nan ou, epi nou kontan wè ou, epi nou travay avèk ou, epi nouvo travay byen, epi n ap edike ou, epi n ap ba ou swen sante paske nou kwè nan kominote a, epi nou kwè lè ou edike, nou tout edike. Epi se New York nan moman pi rafine li.

Poutèt sa zanmi mwen yo, kisa sitiyasyon Eta New York ye? Sitiyasyon Eta New York sèke Eta New York ap monte. Eta New York ap monte paske li pi ini pase anvan. Eta New York ap monte pou rebati pi byen ak pi fò pase anvan. Eta New York ap monte pou bati yon eta ki pi entèlijan, pi fò pase jan nou te fè sa anvan. Eta New York ap monte avèk yon pasyon ak yon angajman pou fè eta sa a vin pi bon pase jan li te ye anvan avèk yon avni ki pi sèten pase jan li te ye pou fanmi ou ak pou fanmi mwen. Epi New York ap monte avèk nou ansanm, paske nou te pran angajman pou vizyon sa a pou fè sa vin yon reyelite ane sa a. Mèsi epi se pou Bondye beni ou.

###

*W ap jwenn lòt nouvèl nan sit wèb [www.governor.ny.gov](http://www.governor.ny.gov)  
Eta New York | Executive Chamber | [press.office@exec.ny.gov](mailto:press.office@exec.ny.gov) | 518.474.8418*